

IJAMBO RISHIKIRIWE N'UMUKURU W'UMUGWI MPANUZWAJAMBO W'INAMA
 Y'ABEPISKOPI GATOLIKA B'I BURUNDI MU VYEREKEYE UBTUMWA
 BWO KUMENYESHA INKURU NZIZA KW'ISI YOSE

**NITWITEGURIRE YUBILE Y'IMYAKA 50 UBTUMWA BW'IMIKANGARA
 Y'IMANA BUMAZE BUSHITSE MU BURUNDI**

Bavukanyi mwese dusangiye ukwemera, Mikangara y'Imana, namwe Ndemeshamikangara,

1. Turabaramukije amahoro ya Kristu Intumwa n'Umumisiyonari wa Mana Data. Tuzanywe n'ukubashikiriza ijambo rihambaye ry'ukwitegurira ukwigina imyaka 50 abana twita **Imikangara y'Imana** bamaze barangura ubutumwa bwabo mu Gihugu cacu. Ubwo butumwa na bwo si ubundi, ni ubw'ukumenyesha Inkuru Nziza nk'abana nyene bakiri bato, batarenza imyaka 15. Nk'uko n'ubundi butumwa bw'Inkuru Nziza, bwagiye burahererekawa kuva bu Batumwa ba mbere, ni ko n'ubwo butumwa bwabo bwashitse hano iwacu buvuye ahandi. Muti none bwaje buva he, bushika ryari ?
2. Bwaje buva mu gihugu c'Ubudagi kiri mu mugabane w'isi wa Bulaya, mugabo buzanwa n'Umurundi, Umuhisi Nyenicubahiro Musenyeri Mikaheli NTUYAHAGA, yabaye Umwepiskopi wa mbere w'umurundi ashinzwe kurongora Diyoseze ya Bujumbura. Amaze kugendera ico gihugu c'Ubudagi, akibonera abana b'Imikangara ku kivi c'ubutumwa akongera akanyurwa n'ukwumva ivyiza barangurira muri ico gihugu, yaciye yigira inama yo gushikana ubwo butumwa muri Diyoseze yiwe. Ni ho rero yabutanguza icese **kw'igenekerezzo rya 6 Nzero 1975, ku musi mukuru wa Epifaniya**. Mu myaka yakurikiye naho, ubwo butumwa bwaciye buza burakwira mu madiyoseze yandi agize Ekleziya y'i Burundi. Uyu musi burashwaye amaparuwase yayo yose, aho usanga abana baremesha ico gikorwa ceranda, bigahimbara Umukama n'abo akunda bakamukundira bose, abana bagenzi babo bagowe na bo, bakahatorera akoyoko kandi Ijambo ry'Imana rigasagarara. Murumva ko kw'igenekerezzo nk'iryo rya 6

Nzero, mu mwaka w'2025, ubwo butumwa bwabo buzoba burumije imyaka 50 kuva butanguye aha iwacu.

3. Tuzanywe rero **n'ukubatumirira gutangura kwitegurira guhimbaza Yubire yabwo y'umwakaka**, izotubera akaryo keza ko gukengurukira Imana kuri iyo ngabirano ntangere Ekleziya yacu y'i Burundi yaronse. Mwebwe Bakristu mukuze canke mbere na mwebwe bana mutari Imikangara y'Imana, mudukundiye, mukifatanya natwe, twoba turitangiye gukeza abo bana bacu, aho bari mu madiyoseze yacu yose : *Bana bacu, Mikangara y'Imana, sangwa iteka n'akanyamuneza ko gushingira intahe Inkuru nziza ya Yesu-Kristu!*
4. Mu ntumbero y'ukwitegurira iyo Yubire y'umwakaka y'ubutumwa bwanyu, tugira tubashikirize ivyo twipfuza ko mworangura mu kiringo c'yi myaka itanu uwo mwiteguro uzomara, kugira ngo tubashe guhimbaza neza iyo Yubire, ku mutima no ku mubiri. Muri rusangi, turipfuza ko mwebwe Imikangara y'Imana mwese, mufashijwe n'abavyeyi banyu hamwe n'indemesha zanyu, mwokwerekeza ubwenge bwanyu kw'isi yose, mukamenya ko hakiriho abantu benshi bakeneye gushikirwa n'umuco w'Inkuru Nziza, mukabasabira ngo na bo baronke abayibashikiriza. Mugabo uko kwiyumvira abo bantu bo kw'isi yose, mukagufatanye n'ukubandanya mwitanga mu kumenyesha Inkuru Nziza, muhereye aho muba, muri barya bana bagowe mugendana, mukinana, mwigana canke mubana.
5. Icivugo muzokwishimiza muri iyo myaka itanu ni iki: « **UMWANA WESE YABATIWE NI UMUTUMWA WA YEZU KRISTU MU BURUNDI NO KW'ISI YOSE** ». Kubw'ico civugo, turipfuza, ko abana bose b'abagatolika bokwinjira mu butumwa bw'Imikangara y'Imana, kugira baharonkere indero nziza kandi babere akarorero keza abandi bana. Ni ho inema n'imigisha biva ku Mana, vyomanuka nk'imvura y'amaroza bigashungurukira mu ngo z'abavyeyi babo. Turateye akamo rero abakristu b'abagatolika bose ngo bumve ko bamagariwe guhimiriza abana bose babatijwe muri Ekleziya imwe nyeranda yacu ishingiye ku Batumwa ngo binjire muri ubwo butumwa

bw'Imikangara y'Imana, kugira ngo bafashe mu gusabira no mu gushigikira abandi bana bagowe, bari hirya no hino kw'isi, batibagiye ab'aha iwacu. Kubera ko indero iva hasi, ivyo bibasaba ko bafasha abo bana gukurana ukwemera n'umutima w'ubutumwa.

6. Namwe rero bana musanzwe muri mu Mikangara y'Imana, kugira muhimbazze neza iyo Yubire y'imyaka 50 y'ubutumwa bwanyu, turabatumiriye kugeragerageza kwitanga muri iyi myaka itanu iri mbere, ngo ibi bikorwa bitatu bikurikira bize biranguke :

- Kuronderera abagenzi Yezu (*Umwana wese ari mu Mikangara y'Imana, agerageze kuzana n'imiburiburi uwundi umwe muri uwo mugwi*) ;
- Gusenga kenshi muvuga umurongo w'ishapule, musabira abandi bana bagowe ;
- Gukunda ibikorwa (*Umukangara w'Imana yokwitwararika ibikorwa vy'imuhira, agakunda kwiga, kugira ngo azogire kazoza keza*).

7. Ariko iruhande y'ivyo, turipfaza gutegurira inyigisho n'amapfungo indemesha, n'abana b'Imikangara y'Imana bose, tutibagiye abibutsamana b'ubwo butumwa, kugira ngo iyo Yubire dushaka guhimbaza itubere n'akaryo ko kwinagura ku mutima. Turiyemeje kandi kugira inguvu ngo abana bacu baronke uburyo bwo kumenyeshwa Ijambo ry'Imana n'ugukundishwa Bibiliya, gutyo bakure bashashaye kuyimenza, bimwe bitari ivyo gufata gusa amajambo amwamwe ku mutwe. Turashaka kandi kumenyereza abana b'Imikangara y'Imana umutima w'ugufashanya mu kubahimiriza ngo babandanye barangura ibikorwa vy'urukundo n'ikigongwe mu bitaro no mu bigo vy'abana b'impfuyi, kugira bahe akanyamuneza abana bagenzi babo batitaweho. Turategekanya kandi ibiteramo vy'abana mu ntumbero yo gukomeza ubukristu n'ubutumwa bw'Imikangara y'Imana, ngo iyo myaka itanu ya Yubire izobafashe gushika ku ntambwe iboneka mu kumenyeshwa Inkuru Nziza mu gihugu cacu no kw'isi yose.

8. Icivugo nyamukuru twabashikirije, twipfuza ko coshirwa mu ngiro hisunzwe ijambó ngenderwako rizoranga umwaka umwumwe muri iyo itanu.

- **Mu mwaka wa mbere (2020-2021)** ijambó ngenderwako ni iri : « *Umwana wese yabatijwe ni umutumwa wa Yezu Kristu imuhira iwabo* » Muze mwame mwibuka ko umuhanuzi Yeremiya yashatse kwanka ubatumwa yitwaje ngo aracari muto, hanyuma Umukama akamubwira ati : « Ntuvuge uti ndacari muto, kuko uzogenda kubo nzogutumako bose » (*Yeremiya 1,7*) ;
- **Mu mwaka ugira kabiri (2021-2022)**, ijambó ngenderwako rizoba iri : « *Umwana wese yabatijwe ni umutumwa wa Yezu Kristu mu mubano rukristu asanzwe abamwo* ». Muze mwibuke ingene Yezu adutumirira guhinduka agira ati: « Mudahindutse ngo mumere nk'utwana, ntimuzokwigera mwinjira mu bwami bw'ijuru» (*Matayo 18,3*) ;
- **Mu mwaka ugira gatatu (2022-2023)**, ben'iryo jambo nyene rizoba iri : « *Umwana wese yabatijwe ni umutumwa wa Yezu Kristu kw'ishure* ». Muze mwibuke ko ubatumwa bw'urukundo n'ikigongwe budufatira hose kandi bukatwerekeza kuri bose, baba abakuze canke abana. Nkako na none, naho boba batavyemera, barashonje ukumenya uwo Kristu. Na we murazi ko yishushanya na bo akatubwira ati : « Narashonje murangaburira » (*Matayo 25, 35*) ;
- **Mu mwaka ugira kane (2023-2024)** na ho, ijambó ngenderwako rizoba iri : « *Umwana wese yabatijwe ni umutumwa wa Yezu Kristu muri paruwase yegukiye* ». Muze mwibuke ko Umukama Yezu atumemnyesha urukundo afitiye abana be n'abo bose bicisha bugufi,

mu kutubwira ati: « Reka utwana ntaco mutubuza kuza iwanje, kuko ubwami bw'ijuru ari ubw'abameze nka two » (*Matayo 19,14*) ;

- **Mu mwaka ugira gatanu ari wo wanyuma (2024-2025)**, ben'iryo jambo ngenderwako rizoca riba iri : « *Umwana wese yabatijwe ni umutumwa wa Yezu Kristu kw'isi yose* ». Ubutumwa bw'Imikangara y'Imana bushingiye ku ngingo yuko uwubatijwe wese aba avutse ubwa kabiri, akavuka agenewe kumenyesha abandi ibitangaza vy'uwamukuye mu mwijima akamushira mu muco w'akatabonetse (raba 1Petero 2 : 9). Umukama rero amubwira kumwe yabigirira umuhanuzi Yeremiya ati : « Imbere y'uko ndakurema mu nda y'uwalkwibarutse, nari ndakuzi, utaranavuka, narakwitoreye, ndakugena ngo ube umuhanuzi w'amakungu » (*Yeremiya 1,5*).

- 9. Mu gusozerera iri jambo tubarungikiye, dukundire tugaruke ku vyerekeye uku kwezi kwa Nzero ari na kwo kurimwo umusi mukuru wa Epifaniya. Kuri mwebwe Mikangara y'Imana, ni ukwezi kudasanzwe kuko ari ho murangura ca gikorwa c'abaririmvyi b'inyenyeri, gifise intumbero yo kuvyura mu bana nka mwe agatima ko gukurikira inyenyeri, nka kumwe kw'Abamajusi bagenda kwirabira n'amaso yabo Umukiza yavukiye i Betelehemu, bayobowe n'inyenyeri. Bamaze kumwibonera, baciye bagenda kumenyesha Inkuru Nziza y'ivuka ryiwe iwabo. Vyongeye, muri uyu mwaka ho, ni ukwezi kutwinjije mu nteguro ya Yubire y'imyaka 50, kuva ubutumwa bwanyu butanguye muri Ekleziya iri mu gihugu cacu c'Uburundi.

- 10. Namwe Bakristu dukunda, nta numwe atazi ubwo butumwa abana b'Imikangara y'Imana basanzwe barangura muri uku kwezi kwa Nzero. Murazi ko bitunganya nk'abaririmvyi b'Inyenyeri, bakaza buzuye akanyamuneza ka Noheli, guhetura ingo n'amazu vyanyu, bitwaje ijambo ry'ukubipfuriza amahoro n'akanyamuneza biva kuri Kristu Umwana w'Imana yigize Umuntu ngo abane natwe, abere zina muntu wese Umwami

n'Umukiza. Abo bana b'Imikangara y'Imana baragaragaza kandi umutima bafise wo kumenyesha abandi bana Inkuru Nziza, bakaba gutyo abamisiyonari n'abatumwa, ku rugero rwabo. Ni naco gituma bakenguruka cane rwose iyo abo bagendeye bahejeje bakabaha agashikanwa ko kuzorungikira abana bagenzi babo bagowe, bo mu mihingo itandukanye yo kw'isi. None rero tuboneyeho kubatera akamo mwese abakristu, ngo mwitabire mutidodomba ubwo butumwa bw'abo bana bitangira ugukwiza hose Inkuru Nziza ya Yezu-Kristu, mubasanganire mutabinuba canke ngo mubasuzugure. Ni intumwa z'Umukama, nico gituma "uwubakiriye aba yakiriye uwabatumye" (raba Matayo 10 : 40).

11. Ese Umuvyeyi wacu Bikira Mariya Umugabekazi w'Abatumwa, Nyenyeri iboneshereza abamisiyonari, yotubera mu ngoro twese muri uyu mwiteguro wa Yubire y'ubutumwa bw'Imikangara y'Imana aha iwacu. Naduherekeze n'ubukandizi bwiwe, adushikane ku guhimbaza mu kanyamuneza n'ubweranda iyo Yubire y'umwakaka, maze Imana ize ibandanye ininihazwa aha iwacu no kw'isi yose. Amen.

Bigiriwe i Muyinga, kuwa 2 Nzero 2021,

¤Yohakimu NTAHONDEREYE

Umwepiskopi wa Muyinga,

Umukuru w'Inama y'Abepiskopi

Gatolika b'i Burundi akaba n'Umukuru

w'Umugwi mpanuzwajambo wayo

mu vyerekeye Ubutumwa bwo

Kumenyesha Inkuru nziza ya Yezu-Kristu

kw'isi yose.

